



Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Jen 2025

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou fen ane lekòl 2024–25 Lekòl Leta Vil Nouyòk la (New York City Public Schools, NYCPS), Summer Rising, lekòl ete, repa pandan ete, pwogram ete lig atletik nan lekòl leta (Public Schools Athletics League, PSAL), ak resous pou sipòte lekti pandan ete.

Kontni

- Fen ane lekòl 2024-25
- Summer Rising
- Lekòl ete
- Manje pandan ete
- Espò pandan ete
- Lekti pandan ete

Fen ane lekòl 2024-25

Dènye jou lekòl la se **jedi 26 jen 2025!** Ale sou schools.nyc.gov/calendar pou dat enpòtan nan mwa jen, tankou kilè egzamen Regents ap fèt ak kilè lekòl yo ap fèmen pou selebrasyon jou ferye yo rekonèt.

Summer Rising

Prepare pou bonjan eksperyans aprantisaj pou ete a! Summer Rising ap kòmanse pou tout patisipan 2 jiyè, epi l ap fèt soti lendi rive vandredi, ant 8 a.m. ak 6 p.m. Pwogramasyon an ap fini 15 out pou elèv ki nan klas kindergarten–5yèm ane oswa 8 out pou elèv ki nan klas 6yèm–8yèm ane. **Summer Rising ap fèmen 4 jiyè 2025, pou Fèt Endepandans.**

Si w aksepte òf Summer Rising ou a avan 8 me, w ap resevwa plis enfòmasyon jiska premye jou pwogram lan. Ou ka ale tou sou schools.nyc.gov/SummerRising pou w rete okouran sou tout detay pwogram yo.

Lekòl ete

Chak mwa me ak jen, pwofesè Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) evalye pwogrè elèv pou detèmine si yo pare pou pwochen nivo klas la. Fanmi elèv ki poko fè ase pwogrè yo pral resevwa yon lèt nan mitan mwa jen an.

Si elèv ou a nan klas 3yèm jiska 8yèm ane epi li pa ranpli kondisyon pou chanje klas nan mwa jen an, l ap gen pou ale nan lekòl ete. Si elèv ou a pa t resevwa yon plas Summer Rising, lè sa a yo pral patisipe nan pòsyon akademik la sèlman. W ap jwenn plis eksplikasyon sou dat ak lè yo nan lèt la. Nan fen lekòl ete a, lekòl pral pran yon desizyon final sou nivo klas elèv yo pou ane lekòl apre a.

Manje pandan ete

Pandan lekòl fèmen, elèv ka toujou resevwa manje maten ak manje midi gratis! Soti **27 jen rive 29 out**, pwogram NYCPS Free Summer Meals ofri repa gratis atravè Vil Nouyòk pou nenpòt moun ki gen 18 lane oswa pi piti. Manje yo disponib nan lekòl leta Vil Nouyòk yo seleksyone, sant pisin kominotè, pak, ak nan bibliyotèk. Ou pa bezwen enskri alavans oswa bay idantifikasyon-jis ale nan yon lokal Summer Meals epi pran manje. Dat, adrès, lè, ak meni yo kapab chanje; ale sou schools.nyc.gov/summermeals pou jwenn dènye enfòmasyon yo.

- **Dat fonksyonman:** Vandredi 27 jen–vandredi 29 out 2025 (p ap gen **sèvis** Vandredi 4 jiyè 2025)
- **Lè fonksyonman:** Manje maten soti 8 rive 9:15 a.m. | Manje midi soti 11 a.m. rive 1:15 p.m.

PSAL High School Summer Sports, Fitness, and Recreation Program

Ete sa a, elèv NYCPS k ap antre nan klas 9yèm rive 12yèm ane an otòn 2025 lan ka enskri pou pwogram espò, fitness, ak lwazi Lekòl Segondè Lig Atletik nan Lekòl Leta (PSAL)! Patisipan yo pral jwenn fòmasyon atletik gratis, devlopman konpetans espesifik nan espò, ak aktivite pou lwazi nan lokal yo seleksyone atravè senk boroughs yo. Pwogram lan ap fèt **lendi rive jedi ant 3–6 p.m.**, epi l ap fèt an de sesyon:

- **1ye sesyon:** 14 jiyè – 29 jiyè
- **2yèm sesyon:** 30 jiyè – 14 out

Elèv ka jwenn detay pwogram yo epi enskri pou pwogram ete 2025 lan nan

psal.org/events-and-standings/summer.aspx. Elèv ka enskri nan nenpòt lokal PSAL pou ete, kèlkeswa kote yo enskri pandan ane lekòl nòmal la. Sepandan, elèv ta dwe chwazi yon sèl lokal ak pwogram pou chak sesyon.

Lekti pandan ete

Lekti se tankou nenpòt konpetans: li mande pratik! Pandan ete a, fè lekti ansanm ka ede pitit ou a kontinye devlope ladrès alfabetizasyon li epi evite nenpòt pèt aprantisaj ki ta ka rive pandan tan li pa nan salklas la.

Ete sa a, eksplòre plizyè milye liv elektwonik ak liv odyo nan plizyè lang atravè bibliyotèk dijital NYCPS nan tout vil la sou Sora. Ou ka konekte nan Sora lè w sèvi avèk enfòmasyon NYCPS ou yo nan soraapp.com/library/nycschools.

Ou ka jwenn tou konsèy pou fè lekti lakay ou, liv yo rekòmande pou elèv nan tout nivo klas, aktivite pou fè lakay ou, gid lekti pandan ete nou an, ak plis ankò nan schools.nyc.gov/LiteracyResources.